




# Kijan Resansman 2020 an pral envite chak moun pou yo patisipe

**Prèské chak kay** ap resevwa envitasyon pou yo patisipe nan Resansman 2020 an, swa pa mwayen lapòs, swa pa mwayen yon anketè.

## 95% nan kay yo

ap resevwa envitasyon pou resansman an pa lapòs.



## Prèské 5% nan kay yo

ap resevwa envitasyon pou resansman yo a lè yon anketè pase ba yo li. Nan zòn sa yo, majorite kay yo ka pa resevwa lèt yo nan pozisyon jewografik lakay yo (tankou kay ki itilize bwat postal oswa zòn ki fèk viktim anba katastwòf natirèl).

## Mwens pase 1% nan kay yo

ap resevwa yon anketè an pèsòn ki ap vin konte yo, olye yo resevwa yon envitasyon pou yo fè sa yo menm pèsonèlman. Nou fè sa pou zòn ki lwen anpil yo tankou pati nò nan Maine, Alaska ak nan kèk reyion kote Endyen Ameriken yo mande pou yo konte yo an pèsòn.

Nòt: Nou genyen metòd espesyal pou nou konte moun ki pa p viv nan kay, tankou etidyan ki ap viv nan dòtwa, moun ki ap viv nan mezon retrèt, oswa moun ki gen pwoblèm sanzabri.

**2020CENSUS.GOV**

D-FS-GP-EN-135

Shape  
your future  
**START HERE >**

United States®  
**Census**  
**2020**

# Sa nou sipoze espere jwenn pa lapòs

Lè moman an rive pou reponn kesyon fòmilè a, pifò kay ap resevwa yon envitasyon pa lapòs. Chak kay ap ka chwazi opsyon pou yo ranpli fòmilè a sou entènèt, pa telefòn oubyen pa lapòs.

Selon posiblite ki genyen pou moun nan zòn ou an ranpli fòmilè a sou entènèt, w ap jwenn yon envitasyon ki ap ankouraje ou reponn sou entènèt oswa yon envitasyon ansanm ak yon kesyonè sou papye.

## Lèt envitasyon

- Nan pifò zòn ki nan peyi a, li ap posib pou moun yo reponn sou entènèt. Donk, pifò kay yo ap jwenn yon lèt ki ap mande yo al ranpli kesyonè resansman an sou entènèt.
- Nou ap travay ak Sèvis Lapòs Etazini a pou nou distribye envitasyon sa yo nan yon peryòd plizyè jou byen planifye. Konsa, nou ap ka ogmante kantite moun ki ap reponn sou entènèt yo, epi nou ap gen posibilité pou nou sèvi w pi byen si ou bezwen èd pa telefòn.

## Lèt envitasyon ak kesyonè sou papye

- Nan zòn kote li pa twò posib pou moun yo reponn kesyonè a sou entènèt, moun yo ap resevwa yon kesyonè sou papye, ansanm avèk koli pa yo a. Koli a ap gen ladan li tou enfòmasyon konsènan fason pou yon moun reponn sou entènèt, oswa pa telefòn.

## Nou konnen sa ka rive ou pa te jwenn premye lèt nou te voye pa lapòs la.

- Tout kay ki potko ranpli fòmilè a pral jwenn rapèl epi finalman yo ap resevwa yon kesyonè sou papye.
- Si ou pa reponn sou entènèt, pa telefòn, oswa pa lapòs, nou ap fè suivi avèk ou an pèsòn.

Pou plis enfòmasyon, ale sou:

**2020CENSUS.GOV**

## Kisa nou ap voye ba ou pa lapòs:



### 12-20 Mas

Yon envitasyon pou reponn a Resansman 2020 an sou entènèt.

(Gen kèk kay ki ap resevwa kesyonè sou papye tou.)



### 16-24 Mas

Yon lèt rapèl.



### Si ou pako ranpli fòmilè a toujou:

### 26 Mas-3 Avril

Yon kat postal kòm rapèl.



### 8-30\* Avril

Yon lèt rapèl ak yon kesyonè sou papye.

\* Yo pwolonje dat la de 8-16 Avril pou pèmèt plis tan pou moun adresé yo a koli yo pandan yo nan peryòd distansasyon sosyal la.



### 27 Avril-9\*\* Me

Yon dènye kat postal kòm rapèl avan nou fè swivi an pèsòn.

\*\* Yo pouse dat la de 20-27 Avril pou pèmèt koli kesyonè sou papye a rive plizyè jou avan kat postal final la.

Shape  
your future  
**START HERE >**

United States®  
**Census**  
**2020**